



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TEREN SAHLEN NAN BUFFALO PRAL AKEYI YON LÒT 2,000 ESPEKTATÈ POU MATCH BLUE JAYS YO AK FANATIK CHITA KI VAKSINEN KONPLÈTAN

Yo pral itilize 50% syèj nan estad teren Sahlen pou fanatik ki vaksinen konplètman

Gran Lig Bezbòl Blue Jays la ap retounen nan Buffalo pou Match yo apati 1ye jwen

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke apati 1ye jwen Teren Sahlen an ap genyen yon seksyon pou fanatik ki vaksinen konplètman pou retou Blue Jays nan Buffalo pou rès sezon Bezbòl Gran Lig la. Y ap itilize apeprè 50 pousan nan plas ki disponib nan estad la pou fanatik ki vaksinen konplètman yo. Patisipan ki vaksinen konplètman yo ap gen espas ant youn ak lòt, olye 6 pye distans lan nan seksyon chita ki atribye pou yo a. Rès seksyon fanatik yo ap genyen 6 pye distans fizik ant espektatè yo. Ak nouvo modèl chita sa, yon lòt 2,000 fanatik anplis pase sa ki te planifye anvan an ap kapab pwofite de match yo nan Buffalo.

"Pliske to pozitivite ak ospitalizasyon nou yo kontinye ap bese epi kantite Nouyòkè ki vaksinen yo ap ogmante, n ap kontwole depre done yo pou oryante estrateji reouvèti nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te deja detèmine ke li san danje pou ogmante kapasite a epi kreye seksyon pou fanatik ki vaksinen yo pou espas deyò ki pi gran epi gras ak pwogrè kontini nou, nou kapab otorize plis espektatè ankò nan Teren Sahlen lan pou match Blue Jays yo apati 1ye jwen. Evènman espòtif yo te toujou yon motè ekonomik majè pou rejyon Lwès New York la, epi lè nou mete plis fanatik nan graden yo pou pwofite gade bezbòl Gran Lig nan Buffalo, sa ap fasilite pwogrè rejyon an pandan y ap rekiperè epi rekonstui nan pandemi sa."

Gouvènè a te rejwenn lidè Eta, lokal ak kominotè yo pou anons jodi a nan Teren Sahlen lan, ki se kay Buffalo Bisons depi 1988, epi pou dezyèm ane konsekitif, se kay tanporè Toronto Blue Jays. Blue Jays te jwe nan Buffalo sezon ete pase a san espektatè akoz pwotokòl sante ak sekirite ki te anplas pandan tout pandemi COVID la. Dènye match bezbòl gran lig ki te jwe devan fanatik yo nan Buffalo te fèt an 1915, apeprè 106 an de sa, lè Buffalo Blues te jwe nan Pak Lig Federal la. Blues te fè pati Lig Federal la, ki te yon twazyèm gran lig, ansanm ak Lig Ameriken ak Lig Nasyonal la.

Anons jodi a apiye dènye mezi Gouvènè Cuomo yo pou re-ouvri ekonomi an pi plis konsidere pwogrè enpòtan nan vaksinasyon yo epi rediksyon konstan nan ka ak ospitalizasyon COVID-19 yo. Jiska yè, 59% adilt nan Lwès New York te resevwa omwen yon dòz vaksen epi 48% te konplete seri vaksen yo.

Semèn pase a, Gouvènè Cuomo te rejwenn Yankees ak Mets MLB pou [anonse](#) nan gwo lokal pou evènman deyò yo, patisipan ki vaksinen konplètman ke yo mete nan seksyon ki fèt sèlman pou moun ki vaksinen konplètman, ta ka fonksyone nan 100% kapasite yo nan seksyon chita sa yo. Moun ki chita nan seksyon sa yo pral gen pou bay prèv kondisyon vaksinasyon konplè, ke yo ka bay sou fòm papyè, aplikasyon dijital oswa [Excelsior Pass](#) Eta a. Timoun ki poko kalifye pou pran vaksen an kapab akonpaye epi chita avèk yon granmoun ki vaksinen nan yon seksyon moun ki vaksinen konplètman.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)